# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–13 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लोक भवन में उत्तर प्रदेस अधीनस्थ सेवा चयन आयोग की ओरि से चुनल गइल एक हजार छत्तीस अभ्यर्थियन के नियुक्ति पत्र दिहलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहले कि उत्तर प्रदेश लोकसेवा चयन आयोग की ओरि से दुइ हजार बारह से दुइ हजार सत्रह के बिच्चे छब्बीस हजार तीन सौ चौरानबे पदन पर नियुक्ति क प्रक्रिया पूरा भइल रहे। येह में ओबीसी के चुनल गइल अभ्यर्थी छब्बीस दसमलव तीन आठ फीसदी रहले। ओहीं हमरे सरकार में उत्तर प्रदेश लोकसेवा चयन आयोग के जरिया से छियालिस हजार छह सौ पचहत्तर भर्ती भइल। ऐहमें ओबीसी क चुनल गइल अभ्यर्थियन क प्रतिसत अड़तीस दसमलव चार एक हवे। येह तरह ओबीसी, एससी अउर एसटी के प्रतिसत के जोड़ लिहल जाए त डबल इंजन सरकार में साठ फीसदी से बेसी अभ्यर्थिन का चुनाव उत्तर प्रदेश लोकसेवा चयन के जरिया से भइल हवे। श्री योगी कहले कि हमरे सरकार में संविधान की ओरि से तय कइल गइल आरक्षण के पुरहर व्यवस्था क पालन करत चुनल गइल अभ्यर्थियन के नियुक्ति पत्र दिहल गइल हौ।

**********

हर घर तिरंगा अभियान के तहत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ स्थित अपने सरकारी आवास से भाजपा युवा मोर्चा की ओरि से निकारल गइल। तिरंगा यात्रा बाईक रैली के झंडी देखा के रवाना कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहले कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में भारत दुनिया क तीसरका बड़हन आर्थिक सक्ति बनले की ओरि आगे बढ़ि रहल हवे। सज्जों लोगिन के देस के समृद्धि खातिर प्रधानमंत्री के अगुवाइ में एकजुट होके येह अभियान क हिस्सा बने के होइ। उहां के कहलीं कि बरिस दुइ हजार बाइस–तेइस में उत्तर प्रदेस में पांच करोड़ से बेसी घरन पर तिरंगा लहरवले क कीर्तिमान बनावल गइल रहे। पछिलकों साल प्रदेस में करीब साढ़े चार करोड़ घरन पर तिरंगा लहरावल गइल रहल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के आवाहन पर येहू साल उत्तर प्रदेश सरकार साढ़े चार करोड़ घरन पर तिरंगा लहरवले क संकलप लिहले हवे। भाजपा के पदाधिकरियन अउर कार्यकर्ता लोगिन के प्रति अभार जतावत मुख्यमंत्री कहलें कि पीएम मोदी के संकल्प के साथे जुड़ के हमनी के भारत के आन–बान–शान के प्रतीक तिरंगा के हर घर ले पहुंचवले क सहभागी बनि रहल हईं। ओहर हर घर तिरंगा अभियान के तहत गोरखपुर, देवरिया, कुशीनगर, बस्ती, अयोध्या, वाराणसी, प्रयागराज लेके कई गो जिलन में सरकारी, गैर सरकारी संगठनन, स्कूल कॉलेजन की ओरि से तिरंगा यात्रा निकारल गइल।

**********

पीलीभीत जिला में उत्पादित सब्जी अब खाड़ी देसन ले निर्यात कइल जाइ। केन्द्रीय वाणिज्य आ उद्योग राज्यमंत्री जितिन प्रसाद आजु दुबई भेजल जाए वाली सब्जियन से भरल एगो वाहन के हरिहर झंडी देखा के रवाना कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि निर्यातकन के उनकर मंत्रालय हर तरह क मदद देई। ऐह से पहिले केन्द्रीय मंत्री पीलीभीत में आयोजित एगो निर्यातक जागरूकता संम्मेलनो में सामिल भइले। ऐह सम्मेलन में पीलीभीत के अलावे बरेली, शाहजहांपुर अउर बदायूं के निर्यातक सामिल भइले जिन्हें संबोधित करत श्री प्रसाद भरोसा दिअवले कि सब्जियन आ अउरियों स्थानीय उत्पाद विदेसी बजारि ले भेजले में प्रदेस अउर केन्द्र सरकार पुरहर मददि करी। उहां के निर्यातकन अउर उद्यमियन क समेस्या सुनली अउर अधिकरियन के उनकरे निराकरण क निरदेस दिहली। ऐह मौका पर बढ़िया काम करे वाले कई गो निर्यातकन के सम्मानितों कइल गइल।

**********

गोरखपुर के बाबा राघव दास मेडिकल कॉलेज में नया बनल सुपर स्पेशियिएलिटी हॉस्पिटल में कार्यरत नरसन बदे सौ सीटि क मैरिड नर्सेज छात्रावास बनावल जाइ। ऐह मौका पर तीस करोड़ इक्तीस लाख रूपिया खरच होई। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ तीन अगस्त दुइ हजार चौबीस के येह छात्रावास क नेई धइले रहले। अब एकरे पहिला किस्त के तौर पर दुइ करोड़ सैंतालिस लाख रूपिया क धनराशि सासन की ओरि से जारी कइल दिहल गइल हौ। जल्दिये छात्रावास क निरमाण कार सुरू हो जाइ।

**********

मेरठ के कलेक्ट्रेट परिसर में आजु विभाजन विभीषिका स्मृति दिवस परदरसनी आयोजित कइल गइल। मुख्य विकास अधिकारी नुपूर गोयल परदरसनी क शुभारंभ करत कहलीं कि विभाजन के दौरान भइल अत्याचारन के याद कइल अउर ओनकर याद के संजो के रखल हमार नैतिक कर्तव्य हवे। परदरसनी में विभाजन के दौरान भइल अत्याचार क फोटो, दस्तावेज आ अउरियों सामग्री परदरसित कइल गइल हवे। ई परदरसनी पनरह अगस्त ले जारी रही।

**********

बस्ती अउर मुजफ्फरनगर में भइल अलगि–अलगि चार गो दुर्घटना में नौ जने क मउति हो गइल आ कई जने अउरियों घाही हो गइले। बस्ती के कप्तानगंज में आजु तड़के सड़क पाक करत एगो मेहरारू के अज्ञात वाहन कचरि देहलस जेह से ओहजुकवे ओकर मउति हो गइल। ओहीं छावनी थाना क्षेत्र के राजकीय कन्या इण्टर कॉलेज के सामने एगो कार ट्रक मे घुसि गइल जेसे एगो नवजवान क मउति हो गइल जबकि गाड़ी में सवार पांच जने अउरियों गंभिराहे घाही हो गइले। मौके पर पहुंचल पुलिस घाही लोगिन के इलाज खातिर अस्पताले में भर्ती करवले हवे।

**********